# НУР

6+

ISSN 0207-6551

4
2022



## Редакторым и псалъэ

***НУР ЦІЫКІУХЭ,*** гъатхэр и пІэ иуващ. А хуабэм, гуапэм, дыгъэпскІэ дызыгъэгуфІэм, гъэгъакІэ дыкъэзыгъафІэм фэрэ дэрэ сыт хуэтщІэфын? Удз щхъуантІэхэр къызытрикІутэ щІы щхьэфэхэр дгъэкъабзэу, жыгхэм сэху теткІэу, ди псыхъуэхэм фІейуэ дэлъыр щызэщІэткъуэу дыкІэлъыплъыфынщ. Пэжкъэ?

Мы къыдэкІыгъуэр нэхъ зытеухуар ди псэуалъэхэр, ди псыхъуэхэрщ. Фи жылагъуэцІэхэр зезыхьэ псыхъуэхэр зэвгъэцІыхунщ, ди псыежэххэм я цІэхэр къызытехъукІам дегупсысынщ, фи унэцІэджэгъухэм ящыщу псынащхьэ зиІахэри къэфщІэнщ.

**ШЭРІУЖЬ Аслъэн**

### ПСЫР ПСЭХЭЛЪХЬЭЖЩ

«Псыр – псэхэлъхьэжщ» гупсысэр зейм,
Псым пщІэуэ хуищІыр уегъэлъагъу.
Адыгэ къуажэу псыхъуэр зейм
Ар зэрихъумэр нэрылъагъут.

* * *

Зыгуэрк1э гугъу удемыхьауэ,
Уасэшхуэ гуэри щІумытауэ,
Зэрыхъур зыми имыбжауэ,
Зы пщалъэ гуэр ирамыкІауэ
УиІэныр псыр – насып мыухщ.
Ди дежкІэ ар уасэншэ мылъкущ, –
Зыхуэбгъэдэн къэгъуэтыгъуейуэ.
Къэхъу хъуми ар къэукъубейуэ,
Ар псынэ цІыкІуу къыщІэжами,
Къох насып псыпэ узэдауэ,
Изыфым тхьэр къыхуэупсауэ.
Псым ди псыхуэлІэ ирихауэ
Къытщыхъуми, псэм зимыгъэнщІауэ,
Дызэфэн псыри къемыжьауэ,
Гъащ1э насыпым и ІэфІагъыр
Мызэк1э дэ къытхуимыхьауэ
Къытщохъу. ЖыдоІэ ди пщэдейм:
«Псыр мыкІуэщІыхукІэ ди дунейщ!».

### ДИ ПСЫХЪУЭР ФІЕЙМЭ – ФІЕЙЩ ДИ НАПЭР

Мис, ноби, сокІуэр сэ ди псыхъуэм,
Гум и псэхугъуэ къыщысльыхъуэу.
Іубыгъуэ закъуэкІэ нэхъ мыхъуми,
Псэр згъэгуфІэну сыщыгугъыу.
Ауэ мы слъагъур сыт, мыр дауэ?
Псы Іуфэм жыжьэу сынэсыфкъым,
Дыщысабийм дыщыджэгуауэ
УдзыпцІэ дахэр згъуэтыжыфкъым.
Куэншыб, пхъэнкІий,
пластмасс, гъущІыжь,
Жыг ухъуэнщІахуэу къудамэжь.
Къиплъыхьыр нэм – яуфэбгъуащ,
Лъэс лъагъуэ цІыкІури щІихъумащ.
Нэм илъэгъуам сыкъигъэщтащ,
Псэм гузэвэгъуэ къритащ.
Дэ ди нэхъыжьхэр хуэсакъыпэу,
Псэм щІыгъуу псыри тхуахъумащ,
Дэ и чэзур къызэрытлъысу,
Псы псэхэлъхьэжыр дуфІеящ!
Мыпхуэдэу дыкІуэм дауэ хъуну?
КъытщІэхъуэм дауэ даІуплъэну?
ФІеипсым напэр зыхуриІэм
И псалъэм хэти къедэІуэну?..

Ей, маржэ, цІыхухэ, фыщымыс.
КъэкІуэну щІэблэм фегупсыс!
«Ди псыхъуэр фІейми –
псыр ІэфІыпсщ», –
Жызыlэм пцІышхуэ къытхуеупс.
Псыежэх лъагъуэрщ псы хъумапІэр,
Ар фІеймэ, – дэри фІейщ ди напэр!

# Акъсырэ

*(Акъсырэ Алихъан
и псынащхьэм сигъэусащ)*

Къуажэкум дожри Акъсырэпсыр,
Губгъуэжьхэм блащхъуэу кlуэцlрокl.
Здишам зэгуэр лlыжь lущым псыпэр,
Ирожэ нобэми, темыкl.

Бжьэмийкlэ псыр зыхуейм яшэфу,
А лlыжьым, дауи, имыщlа.
Ауэ акъылкlэ къиубыдыфыр,
И къуажэм фlыкlэ яхуищlащ.

И нэгум щlэтт: сабийм я анэм
И дамэр пхъэхьым трихат,
Илъэсхэр блэкlри ар жьы щыхъум,
Итх захуэр пхъэхьым къигъэшат.

Абы щхьэгъусэу къиша дахэр,
А гъуэгу мытыншым теуват.
А тlум я закъуэт? – зэрыжылэу,
lэнатlэ гугъум здыlутат.

А lуэху мытыншым егупсысу
Акъсырэм гъэхэр ирихьэкlт.
Ищlэнуlами хунэмысу,
Щlалэгъуэ lуэхухэр къылъыкъуэкlт.

Зекlуэлl – зекlуэшхэм хэмытыжу,
Жьэгу пащхьэм щетlысылlэжам,
Псэхугъуэ лъэпкъ къримытыжу,
Гупсысэр къытегуплlэжат.

Къищтауэ бел щыщlидзэм щlытlым,
Зы цlыхум lуэхум химыщlыкlт.
Псыр здрижэну нэхъ къыфlэщlым,
Кlэнауэр дадэм щыдитlыкlт.

Ямыщlэу цlыхум, лlыжь губзыгъэм
Илэжьыр, ар еужьэрэкlт.

Зыхищlэрт къылъыс гъащlэ lыхьэр,
Ищlэжт: хъуат ар жьыхуегъэзэкl.

Кlэнауэу итlым и зы lыхьэр
Къилъытэу хъуа нэужь хьэзыр,
Псыр еутlыпщри дегъэхьэр,
Лъагъуэщlэм псыпэр хуэхьэзырт.

Ар и къежьэкlэу, Акъсырэпсыр
Жэнхъуэтхьэблэжым пхрашат.
Арщыдан жылэр зыщlэхъуэпсу,
Уасэншэ мылъку яlэрыхьат.

Акъсырэ лъэпкъым щыщ зы цlыхуи
Ди къуажэм нобэ дэмысыж.
Бжьэмийкlэ псыр къыщиж къалэшхуэм
Щалэжьыр lуэхуу нэхъыбэж.

Акъсырэ лъэпкъыр мыкуэд пэтми,
Лъэпкъылl мымащlэу къахэкlащ.
Адыгэ пьесэ япэ дыдэу
Зытхам и быни яхэтащ.

Сурэтыщl гъуазджэм хуэlэрыхуэ
Нэхъ пасэм лъэпкъым димыlат.
А гъуэгу мытынш-мыцlыхум япэу
Абы ящыщи ирикlуат.

Йожэх Акъсырэр гъэми щlыми,
Яхуэхъуу цlыхухэм псэхэлъхьэж.
Я бын ди жылэм дэмысыжми,
«Акъсырэр» дэркlэ мыкlуэдыжщ!

*Къыкlэлъыкlуэ къыдэкlыгъуэм тетынущ Псыгуэнсум хуэзуса усэ.*

# ДИ ПСЫЦІЭХЭМ СЫТ КЪАІУАТЭР?

Адыгэбзэм къыхэкІа псыцІэхэмрэ щІыпІэцІэхэмрэ куэд мэхъу: Кубань – Псыжь, Волга – Индыл, Кума – Къум, Кисловодск – Нартсанэ, Пятигорск, Горячеводск – Псыхуабэ, н. къ. Ди КъБР-м 206 псыуэ щожэх. Абы я нэхъ инхэрщ зи гугъу тщІыр. ПсыцІэхэр зыджа щІэныгъэлІхэу **КІуэкІуэ Джэмалдинрэ Нало Женэрэ** я тхылъхэр, ІуэрыІуатэдж **Къэзан Сеталий** къытхуиІуэтахэр мы тхыгъэм тегъэщІапІэ хуэтщІащ.

**ТЭРЧ.** Кавказ къурш мылыпсхэм къахож, Каспий тенджызым холъадэ, км 623 и кІыхьагъщ.

1. «Пасэрей картэм *(Далелия ейм)* мы псым «Силь» и цІэу тетщ. Абы и лъабжьэр «псы» псалъэрагъэнущ». *(КІу. Дж.)*

2. «Терек – Тэрч «Ты(э)-р-чы» *(дающий прутья).* Псыежэхышхуэм и ІуфитІым Іуву къыщыкІ жыгхэм я чы-бжэгъухэр псым кърихьэхырт. XVIII лІэщІ. нэсыху ахэращ адыгэм и псэуалъэхэр *(унэ, лэгъунлей, бо)* къызыхихыу, ахэр *(бжыхь, куэбжэ)* къызэрихухьыу щытар. А чыр къезыт псым Тэрч фІищащ». *(Н. Ж.)*

**БАЛЪКЪ.** Іуащхьэмахуэ и мылыпсым къыхож, Тэрчыпсым холъадэ, км 200.

1. «XVI лІ. и дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкІэ «Малка» псыцІэм зэреджэу щытар «Палка»-щ. Абдеж щыпсэу жылагъуэм а псыцІэр фІащащ», – етх С. Броневский. Абы къыпоувэ бзэ щІэныгъэлІ Л. Лопатинскэм жиІэр: «Сванхэр адыгэм зэреджэр «малкъар»-щ, къэбэрдеищІым – Малкар. «Малка» цІэм ар и къежьапІэщ». *(НэгъуэщІ ІуэхуеплъыкІэхэри къеІуатэ КІуэкІуэм и тхылъым, «мэл» псалъэр и лъабжьэу.)*

2. Къэзаным ІуэрыІуатэр и тегъэщІапІэщ: «Мы псым МэлыкІэпскІэ *(Малка)* еджэу щытащ. ХъупІэхэм яху мэлхэр апхуэдизкІэ куэд хъурти, япэ итым къаІэта сабэр мытІыс щІыкІэ къакІэлъыкІуэр ирикІуэрт. Темыр щІакъуэ *(Тамерлан)* ди щІым къыщытеуам зауэ гуащІэ щекІуэкІащ а псыщхьэм. Псыежэхыр лъыпсым ириІат. «Бэ-лъы-къ(ех)» – «Балъкъ» цІэр абдеж къыщежьагъэнущ».

**БАХЪСЭН.** Іуащхьэмахуэ и мылыпсым къыхож. Шэрэдж, Аруан, Балъкъ холъадэ, км 170.

1. ««Бахъэ» *(пар)*, «санэ» *(вино)* – псы тхъурымбэ». *(К. Ганн)*

2. «Бахъсэныпщ *(а псыхъуэм IV лІ. дэса Дау и къуиблым я нэхъыжьым)* и цІэм къытекІагъэнущ. Алътудыпсми а Бахъсэн и цІэр фІащыжащ тхыдэм къыханэну. Ар БахъсэнёнкэкІэ зэджэ псырщ». *(Н. Ш.)*

3. «Антхэм япщ Бокс и хъыбарыр, Бахъсэн и цІэр, ЯтІэкъуэ сыныжьым тетыр – ахэр къэхутэныгъэ зыхуэныкъуэ Іуэху гъэщІэгъуэнщ». *(КІу. Дж.)*

4. «Бахъсэн – «Бахъэ-сэн» *(сеет пар)*. Мы цIэр къызытекIар къыбгурыIуэн папщIэ нэхущу е мазэгъуэ жэщу а псым и къежьапIэр плъагъун хуейщ. Нэм къыIуидзэ дахагъэр гукъинэ пщохъу: къуршхэм къахэж псыр къолъэлъэх, къыхиху сыхъэр пшэ хужьу дэкIуейуэ!». *(Н. Ж.)*

5. «Бэ-хъы-сэн» – хъы куэдкIэ ещэн. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъур еIуатэ Къэзаным: «Бахъсэныпсым къыхолъадэ ЗеикъуэкIэ къежэх Аргъеикъуэпс цIыкIур. Абы апхуэдизкIэ аргъей *(лосось)* куэду хэст нэхъапэхэми, дадэхэм жаIэж: «И кIапэр щIым хилъафэу аргъей куэдрэ къыщыдубыдырт». Абы папщIэ хъы куэд ухуейт».

**ШЭРЭДЖ, ШЭДЖЭМ.** Шэрэдж къуршхэм къахож, къуэпситIу къожэх, зы псышхуэу зэхолъэдэж, км 79; Шэджэм мылыпсщ, км 102.

1. «Шэрэджыр псыежэх цIыкIуитI мэхъу: Шэрэдж анэ *(сэмэгу)*, Шэрэдж хэхуэ *(ижь)*. ПсыцIэ куэдым япыт «дж»-м зэрыадыгэбзэр къегъэлъагъуэ. Мыдрейр Шэджэм, Шэджэмокъуэ унэцIэхэм къатекIагъэнущ. А. С. Грибоедовым, Ф. Искандер я тхыгъэхэми къыхощ мы псыцIэр». *(КIу. Дж.)*

2. ««Шэ» псалъэмкIэ къригъажьэу псыцIэ куэд диIэщ адыгэм, абы я цIэхэр ди бзэм къызэрыхэкIам шэч хэлъкъым. «Шэ-джэм» – шэ-м шэи фочыши къокI, джэ-м макъ къегъэлъагъуэ. Псыр шэм куэдрэ хуагъадэ пэтми мыбдежым фочышэм и джэ макъым нэхъ хуокIуэ». *(Н. Ж.)*

3. Къэзаным жиIэри тохуэ абы: «Шабзэр хьэуам щыхэлъэткIэ маджэ. Шэ джэ макъ куэдрэ къыщыIурт мыбдежым. Апхуэдэ псыхъуэ куэд адыгэм диIащ».

4. Къэкъуалъэу, джэуэ къех псы уэрым «шэ тхъурымбэ къыIурех» щыхужиIэ щыIэщ IуэрыIуатэм. «Шэ-джэ-макъ», «Шэ-рэ-джэ», «Шэ-псы-гъы», «Шэ-чэ» *(къапыфщэ хъунущ)*.

**СЭРМАКЪ.** Сэрмакъ къуажэр зэпиупщIу Балъкъ хэлъэдэж псы цIыкIущ.

«Нэхъыжьхэр а псым ноби зэреджэр Псэрмакъщ, абы хъыбари иIэщ. ЩауэщIэр щакIуэ кIуауэ абы щыкIуэдащ. Абы и лъыхъуакIуэ ежьа нысащIэр куэдрэ лъыхъуащ и лIым, куэдрэ еджащ. Ар мыпсэужу къыщищIэм Iуащхьэм къелъэри псыежэхым зыхидзэжащ. Ар и лIым щеджэкIэ джэрпэджэжыр къыпэджэжырт. Абы и макъыр «псэм и макъыу» псым къыхэIукIыу къащохъу цIыхум». *(Н. Ж.)*

**КЪУЛЪКЪУЖЫН.** Къуршыпс цIыкIу, Балъкъ хэлъэдэжу.

Мыр къуршым къыщелъэкIэ: «Къулъ-къулъ», – жиIэу къокъуалъэ. Ар щIым къосри мажэ. «Къулъ-къулъ-жэн», – аращ фIэщыгъэцIэр къызытекIауэ щIэныгъэлIхэм жаIэр *(бурлящая река)*.

***АБРОКЪУЭ Беллэ***

## АРЫХЫПС ГЪЭТIЫЛЪЫГЪЭХЭР*

Гъэ къэс гъатхэм и деж ягъэлъапIэ псым хухаха махуэшхуэ.

Арыхыпс гъэтIылъыгъэхэм хохьэ щIы щIыIуми щIы щIагъми щыщыIэ псы къабзэхэр: мылу, псыуэ, бахъэу. Абы шыгъуу хэлъыын хуейр 0,5 %-щ. Апхуэдэпсым хохьэ: гуэлхэр, псыежэххэр, псынэпсхэр, псыкIантIэхэр, псыжапIэ кIэнауэхэр, псы хъумапIэхэр, щIы щIагъ псы хущхъуэхэр, щIыгулъ псыIэхэр, псыкъуийхэр, мылыпсыр, хьэуам, пшэм хэт бахъэр.

## ПСЫ КЪАБЗЭР КIУЭ ПЭТМИ МЭКIУЭЩI!

Псы гъэтIылъыгъэу щыIэм и инагъщ кубическэ км. мелуани 1390-рэ, абы щыщу млн км³ 1340-р дунейпсо тенджызыпсырщ. Проценти 3-ращ уэзфэ хъуну псыуэ щыIэр. А псым щыщу цIыхум къыхуэгъэсэбэпыр 0,3 %-щ зэрыхъур.

Арыхыпс гъэтIылъыгъэ нэхъыбэ дыдэ зиIэхэм ящыщщ ди къэралыр, ауэ дэ ар дымыхъумэу хъунукъым. Уэзфэ хъун псыуэ дунейм тетым и 98 %-р здэщыIэр щIы щIагъырщ. **Гузэвэгъуэшхуэщ псы къабзэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ зэрыхъур!**

### ГЪЭЩIЭГЪУЭНЩ:

Мазэм и щIы щхьэфэм щIэныгъэлIхэм псы щта къыщагъуэтащ.

Псыежэхыу щыIэм арыхыпсу зэрахьэм нэхърэ нэхъыбэ хьэуам псыуэ хэтщ.

Псы щIыIэр пщтырым нэхърэ нэхъ хьэлъэщ, ауэ мылыр псым нэхърэ нэхъ псынщIэщ *(псы щIыIум телъу мылыр щIерсыр аращ).*

Уэзфэ хъу псым хуэныкъуэр цIыхумрэ псэущхьэхэмрэ я закъуэкъым, атIэ абы хуолIэ къэкIыгъэхэри.

ЦIыхум и Iэпкълъэпкъым псыуэ 70 % нэблагъэ, и къупщхьэм 31 % хэтщ *(цIыху пшэрхэм нэхърэ уэдхэм псы нэхъыбэ япкърытщ).*

Псэущхьэхэм я нэхъ псыбафэр бдзынэрщ*, нэхъ мащIэ изыфыр джэдымрэ бжэнымрэщ.

Жыгхэм псыуэ 75 % яхэтщ.

Пхъэщхьэмыщхьэу – нащэм, псэущхьэу – медузэм псыуэ 95 % ящIэтщ.

* *Арыхыпс гъэтIылъыгъэхэр* – запасы пресной воды.

* *Бдзынэ* – бегемот.

***КЪАМБОТ Марианнэ***



Уэнжакъ – дымоход, унащхьэ – крыша



Блынджабэ – стена



Щхьэгъубжэ – окно, щхьэгъубжащхьэ – подоконник



*ЦIыхум псы хуэзышэм псапэ Iуэху елэжь*

# ДРОГУШХУЭ

Ди еджакIуэ цIыкIухэ, фи унэцIэджэгъу, фи лъэпкъэгъу яхэтхэщ, дауи, псынащхьэ къэзытIахэм, зи цIэ тхыдэм хэхуахэм. Мис абыхэм ящыщ куэд:

Абрэджыпс, Агубэчейкъуэ, Акъсырэ Алихъан и псынащхьэ, Анзор и къуэм и псынэ, Ахъмэтхэ я псыпцIэ, Бацэхэ я псынэ, Бецызхэ я псынэ, Вэрокъуэхэ я псынащхьэ, Гугухэ я псынащхьэ, Дэбагъуэ и псынэ, Думэнейкъуэ, Думэныкъуэ и псынащхьэ, Джэдмышх, Дзу Къарэ и псынэ, Жэманкъулыпс, Жэндар и псынэ, Кугъуэтхэ я псынэжь, Къэзаныкъуей, Къэзий и псыкъуий, Къэрмэхэ я псынэжь, Къейтыкъуэпс, ЛампIэжьыкъуэ, Маргъущ, Мэрзейхэ я псынэ, Тамбийхэ я псынэ, Тlыжьхэ я псынэ, Фомытхэ я псынэ, ХьэтIохъущокъуэхэ я псынэжь, Къалмыкъ псынэ, Алэбуц и псынэ, Ахьмэд Хьэжым и псынэ, Абузед и нарзан псынэ, Бэрэгъунхэ я псынэ, ГъущIыпсэ и псынэ, Гуащэ псынэ, Жэмболэтыкъуэ псынэ, Къамбийхэ я псынэ, Къэрэгъулыкъуэ псынэ, Лафыщхэ я псынэ, Мырзэбэч и псынэ, ТIэмашэ и псынэ, Уэрэзей псынэ, ХьэматIэ и псынэ, Хьэгъундокъуэхэ я псынэ, Хьэбибэ и псынэ, н. къ.

## КЪУАЖЭЩIЭ ЗЕЗЫХЬЭ ПСЫХЭР:

Акъбащ, Аргудан, Аруан, Бахъсэн, Бахъсэнёнкэ, Дзэлыкъуэ, Жэмтхьэлэ, Зеикъуэпс, Чыщпэч, Курп, Курпыгъу, Къэхъун, Къулъкъужын, Налшык, Налшыкышхуэ, Налшык цIыкIу, Псыгуэнсу, Псынэдахэ, Псыншокъуэ, Сэрмакъ, Тэрч, Урыху, Чэнжэ, Чэнжэ Кхъужьеибэ, Чэнжэ Псыхуабэ, Шэджэм, Шытхьэлэ, Щхьэлыкъуэ, ЯтIэкъуэ, Балъкъ, Деипс, ЕкIэпцIэкъуэпс, ЕкIэпцIэкъуэшхуэ, Къалэжь псынэ, ПсыкIэху, Чыщбалъкъ, Аушыджэр уэтэрыпIэ псынэ, Брамтэ псынэ, Батэхыжь шыдуанэ псынэ, Къалэжь псынэ, н. къ.

***Псыхъуэгуащэ***



Бжэ – дверь, дэкIуеипIэ – ступень



Унэлъэгу – пол



ПкIафэ – потолок



ГъуэлъыпIэ – кровать

# ЩIыуэпсым зэран хуэмыхъу псэуалъэ телъыджибл

*УхуакIуэ IэщIагъэм ехъуапсэхэм папщIэ*

*ЦIыхум псэхупIэ щыдгъуэтыр ди унэращ: унагъуэр дыщопсэу, ди ныбжьэгъухэр щызэхуос, дыщогуфIэ, дыщогушхуэ. Балигъ дыхъуу диIэпхъукIми ди гукъэкIыж Iэфiхэм а унэм дыкъахьыж…*

*АтIэ а ди унэ цIыкIум хуэдэу мы ди дунейшхуэри фIыуэ тлъагъун хуейкъэ? Балигъхэр кууэ щIогупсыс щIыуэпсыр зэрытхъумэну Iэмалхэм. КIуэ пэтми абы зэран хуэмыхъу унэхэр къагупсыс ухуакIуэхэм. Абы ящыщщ мыхэр:*




**ЩЫГЪЫНЗЕХЬЭ.** Мы унэр къызыхэщIыкIар кхъухьым тет хьэлъэзешэ дэлъхьэпIэхэрщ. Мыр Анды бгышхуэм и гъунэгъуущ, къуршым къыхиху хьэуа къабзэмкIэ «мэбауэ», жьызэпихум и фIыщIэкIэ ар хуабагъ-щIыIагъкIэ, и псыIагъэкIэ дызыхуей мардэм изыгъэувэ Iэмэпсымэхэр щIэткъым *(сур. 1)*.




**ЭКОКАПСУЛЭ.** Хьурей хэшам хуэдэу хуэкIыхьщ, шэрхъым тет унэхэм ещхьщ. Гурыхь пщыхьуа щIыпIэм махуэ бжыгъэкIэ зыщыбгъэпсэхуну мурад пщIамэ, мыр къебгъашэ хъунущ. Мыбы псы, ток, газ екIуалIэркъым, абыхэм хуэныкъуэкъыми. Дыгъэпс хьэкурщ мыр зыгъэлажьэри зыгъэхуабэри. Уэшхыпсыр унэм зэхуихьэсурэ егъэкъабзэ. Абы и кIуэцIым гъуэлъыпIэ, гъэтIылъыпIэ, Iэнэ щIэтщ. Мыбдеж хуиту телевизор ущеплъыфынущ, интернетми уихьэфынущ *(сур. 2)*.




**ТАУНХАУС.** Мы унэр джэгуалъэ пкъыгъуэхэм хуэдэу зэпкъралъхьэ. Ущыпсэуну щIыпIэр пхъуэжыну ухуеймэ уи унэри зэпкърыпхыу къыздэпщтэ хъунущ. Дызэса псэуалъэхэм я тыншыгъуэ псори иIэщ: жеипIэ, пщэфIапIэ, хьэщIэщ, зыгъэпскIыпIэ, н. къ. *(сур. 3)*.



Шэнтжьей, тахътэбан – диван



Шэнтиуэ – кресло



СтIол – стол



Шэнт – стул







**ЩХЪУАНТIЭУНЭ.** Сингапур дэт мы унэр къатиплIу зэтетщ. ЩIыуэпсхъумэ пкъыгъуэхэмкIэ мыр ухуащ. Нэхъыбэу хэлъыр гъущIрэ пхъэрэщ. Ауэ хьэлэмэтыщэр мыр зыхэт къэкIыгъэхэращ. И унащхьи, лъэгуи, блыни зы къэмынэу удзым щIегъаНэр. Унэм и хъуреягъкIэ удз гъэгъа изу хадэшхуэ иIэщ. А къэкIыгъэхэм хьэуар ягъэкъабзэ *(сур. 4)*.

**ХАУСБОТ.** Псым тет унэ цIыкIухэр. Мыр зыщIам гупсысэ нэхъыщхьэу хилъхьар цIыхумрэ щIыуэпсымрэ зы ищIынырщ. Мыр псым зэрытетыр шынагъуэкъым. ЩIыуэпсхъумэ пкъыгъуэхэмкIэ ухуащи, зыми зэран хуэхъуркъым *(сур. 5)*.

**Минимод.** Мы псэуалъэхэр цIыкIуу пльагъуми, я кIуэцIым цIыхур зыхуэныкъуэ псори щыбгъуэтынущ. Унэм ищIыIур гъущIым, и кIуэцIыр пхъэм къыхэщIыкIащ, дэнэ ухуейми пшэуэ бгъэув хъунущ: мэзыбгъум, хы Iуфэм, къурш жьэгъум *(сур. 6)*.




**ТАТТУПЛЕКС.** Щихъ Тим Тату щопсэу. ЩIыуэпсхъумэ унэр зэран зыми хуэмыхъуныр и пщэрылът абы. Мыр езым къигупсысащ гъущIрэ пхъэкIэ щIауэ, хьэуар фIей имыщIу, токым и къарур езым ихъумэжу. Тим фIэфI дыдэу и унэр ярегъэлъагъу зыплъыхьакIуэхэм *(сур. 7)*.




*КЪАШЫРГЪЭ Фатимэ*



Сырэ –
посудный шкаф



Къыдэгъэж –
тумбочка



ЩIыIалъэ –
холодильник



Газ хьэку –
газовая плита

*Жып псалъалъэр зыгъэхьэзырар* ***ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ***

# ФИ УНЭР – ФИ БЫДАПIЭЩ

Фи унэм, фхухаха пэшым зыщывгъэпсэхун папщIэ плъыфэ зэгъэкIукIэм и щэхухэр фщIэн хуейщ. Гурыхь фщыхъу плъыфэхэмкIэ фи блынджабэхэр зехьауэ, унэлъащIэхэри: Iупхъуэ, блын сурэт, стIол уэздыгъэ, пIэтепхъуэ, щхьэнтэ, хьэпшып щабэхэр а плъыфэхэм екIуу щытын хуейщ. ПлъыфэзэгъэкIум и щэхухэр къыфхуаIуатэ ищIагъкIэ къыщыкIуэ сурэтхэм.



## *Гу лъыфтэ*

- Унэ кIуэцIыр щыбгъэдахэкIэ плъыфэ нэхъыщхьэу 2-щ къыхэпхынур. Адрей плъыфэхэр а тIум гуэгъу яхуэпщIынущ.
- ЗыхуэпэкIэмрэ пэш кIуэцIымрэ я плъыфэ зэгъэкIукIэр зыкъым. Уэ уфIэфIмэ, плъыжьыпс е гъуэжьыбзэхэр щыгъыну зэблэпхъуу щытIагъэ, ауэ унэ кIуэцIым а плъыфэ гъэнщIахэр куэду къыщумыгъэсэбэп. Абыхэм нэр ирагъэш, махуэ къэскIэ уIуоплъэ, къыптехьэлъэуи хуожьэ.

*Нур*



# ФИ САБИЙ ПЭШХЭР КЪАБЗЭ?

**Къабзагъэм къарууфӀ хэлъщ уигу хигъахъуэу, уигъэгушхуэу. Ар зэрыпхъумэнум щэху зыбжанэ иӀэщ:**



- Дэлъхьэпӏэхэр. Дэтхэнэ зы хьэпшыпми езым и гъэтӏылъыпӏэ иӏэжщ. Дэлъхьэпӏэ зимыӏэ пэшыр зэи къабзэ пхуэщӏынукъым *(сур. 1)*.



- Пэшыр уи шыпхъу е къуэш нэхъыщӏэм къыбдегуэш. Абы дунейр зэрегъэщӏыху. Уэ зэхэтхъуауэ къыпщыхъу пэшыр а цӏыкӏум хьэкӏэкхъуэкӏэ зыщӏэс мэзу, хьэршу, тенджызу елъагъу. Абы «и дунейм» зы плӏанэпэ щхьэхуэ джэгупӏэу хухэпхмэ унэ псор къритхъужьэнукъым, фи нэхъыжьхэри шхыдэнукъым.



- Блын зэхэтхыхьыныр! Мыбыи ӏэмал иӏэщ. Блыным е пхъэбгъу, е зэмыфэгъуу пцӏалэ хъун обой, е тхылъымпӏэ напэшхуэ рамэм иту фӏэвдзэ. Ар фрикъуху зэхэфтхыхь хъунущ тӏуми *(сур. 2)*.



- Телъхьэпӏэ, стеллаж, къэрэкъэш *(крючки)* куэду иӏэн хуейщ пэшым. Зэрыджэгу хьэпшыпхэм ящыщу фыужэгъуахэр абыхэм тефлъхьэмэ е фӏэвдзэмэ щӏэщыгъуэпсу иужькӏэ къыкъуэфхыжынущ, фи пэшри зэхэтхъуа хъунукъым. Мыдрейхэм тыншу фылъэӏэсу, флъагъуу дэфлъхьэ *(сур. 3)*.



- Джэгуалъэ ашыкхэр сытым хуэдэу гугъэзагъэ! Абы езы сабий цӏыкӏум зэрыджэгуа и ӏэмэпсымэхэр ирилъхьэжрэ и щхьэр трипӏэжу егъэсэмэ къомыхъулӏа щыӏэкъым! *(сур. 4)*.

- Дэлъхьэпӏэхэр зей ӏэмэпсымэхэм, щыгъынхэм щхьэж ейр ицӏыхуу, дэлъым елъытауэ я бжэхэм сурэт тегъэпщӏамэ тыншщ. Зым – гъуэншэдж, зым плӏэ сурэт цӏыкӏухэр. Ахэр зылъагъу сабийм и ӏэмэпсымэхэр здигъэтӏылъынур ищӏэнущ *(сур. 5)*.

- «Бгъэкӏуэдахэр» тету ашыч пэшым щӏэвгъэувэ. Нэхъыщӏэм адэкӏэ-мыдэкӏэ къыщӏина и ӏэмэпсымэхэр абы ибдзэ хъунущ.

***КЪАШЫРГЪЭ Фатимэ***

# Сурэтыщ| ныбжьыщ|эхэр



***УНЭЖ Аделинэ*** Налшык дэт 5-нэ еджапIэм и 4-нэ классым фIыуэ щоджэ. «Образцовый ансамбль», «Ровесницы» къэфакIуэ гупхэм илъэситху хъуауэ макIуэ. Шэджэм, Налшык, Железноводск, ЕссэнтIыгу щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм ехъулIэныгъэхэр къыщихьащ, медалхэри къыхуагъэфэщащ. Сурэт щIынымрэ IэпэIэсагъэ Iуэхухэмрэ дахьэх



Къаплъэн шыр



ЩхьэзыфIэфI



Ныбжьэгъум и сурэт

КIэпхъ





***МЫРЗЭКЪАН Алинэ*** и цIэр ихуащ Дзэлыкъуэ куейм и еджакIуэ нэхъыфIхэм *(2018–2019 гъэ едж.)* къыхудагъэкIа тхылъым. Ар абы щыгъуэ 3-нэ классым фIы дыдэу зэрыщеджэм имызакъуэу, ди къэралым щрагъэкIуэкI зэхьэзехуэ куэдым щытекIуат. Иджыпсту Алинэ 6-нэ классыр къеухри иджыри къимыкIуэтауэ «5» защIэкIэ йоджэ. Хъыджэбз гурыхуэ цIыкIум фIэфIщ инджылыбзэр, урысыбзэр къохъулIэ, анэдэлъхубзэр Iурылъщ, художественнэ тхылъу щIиджыкIхэм тхыдэр къыхэщмэ, абы игу хегъахъуэ. Алинэ спортми дехьэх. Дэтхэнэ зы сабий губзыгъэми хуэдэу, абы гъащIэм и лъэныкъуэ псори фIэгъэщIэгъуэнщ.

Тхьэм уригъэхъулIэ, Алинэ, уи текIуэныгъэ хъыбархэр журналым къытеддзэну дыппоплъэ!

***Уи «Нурыр»***



Гъэгъа Iэрамэ



Ажэгъуэмэ

Мэлыжьыхьым и 1-р Къуалэбзум я махуэшхуэщ догъэлъапІэ



# ПСАЛЪЭХЭТГЪАПЩКІУЭ

Мы къыдэкІыгъуэм тетщ псыхэм ехьэлІа псалъэхэр. Дахэр къыхэвгъуатэ.

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| П | Ы | М | Ы | ГУ | Э | С |
| С | Х | З | Л | Ы | Л | П |
| Ы | П | Ы | ДЖ | П | С | Ы |
| КЪ | С | Э | Н | Е | А | Х |
| Е | Ы | Н | Ы | Т | Р | Ы |
| ЛЪ | Е | П | С | У | Э | Э |
| Э | Ж | Э | Х | П | П | ДЗ |
| П | С | П | С | С | С | Ы |
| КІ | Ы | Э | Ы | Ы | КЪУ | И |
| А | Н | ТІ | П | ЦІ | Э | Й |

***КЪАМБОТ Марианнэ***





КІЭШ ДЕНИЗЭ и ныбжьыр илъэс етхуанэм итщ, Налшык дэт сабий сад 46-нэм и гъэсэнщ. Усэ къеджэнкІэ абы щекІуэкІа зэхьэзэхуэм япэ увыпІэр къыщихьащ. Денизэ спортми дехьэх, и адэм иригъэкІуэкІ кекусинкай-каратэ лІэужьыгъуэм зыхуегъасэ, дунейпсо чемпион хъуну и мэхъуапсэ.





*Сур.* М. Ю. Лермонтов пIалъэкIэ щыпсэуа адыгэ унэрщ

**ПАСЭРЕЙ АДЫГЭ УНЭ.** Мы къыдэкIыгъуэм тетщ щIыуэпсхъумэ (экодом) гъэщIэгъуэнхэр. Пасэрей адыгэ унэри апхуэдэщ. Ар фщIэну дыхуейщ. Къэзыухъуреихь дунейми цIыхухэм я узыншагъэми зэран хуэмыхъуу, блынхэри бжыхьхэри зы щIыпIэм ипхыу бгъэIэпхъуэ хъууэ ящIырт ди унэхэр. Абы и пкъыгъуэхэр къыхахырт узыншагъэмкIэ щхьэпэ ятIэм, бжыхь хуам, пхъэм, бгъэным.

Мы QR-кодым уи телефоным и камерэр тегъапсэ, «Нурым» и интернет-напэкIуэцIым ихьэ, къызэIуих лэжыгъэхэр гъэзащIэ.




*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 4 2022 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

Главный редактор
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Компьютерная вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*М. КАМБОТОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 30.03. 2022 г.
Выход в свет 22.04. 2022 г.
Формат 60x90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, AdLibBT
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2.7

Тираж 1425 экз.
Заказ №720
Индекс П5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.



Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**



Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.